

# Transportation Transformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpòtasyon

## N AP PLANIFYE POU YON FITI DIRAB... ETID SOU KALITE DE VI NAN SANTREVIL PLANTATION AK NAN SIDWÈS SUNRISE

Etid sou Kalite Devi nan Santrevil Plantation ak nan Sidwès Sunrise se youn nan plizyè inisyativ ke òganizasyon Planifikasyon Kalite Devi a pran pou yo idantifye itilizasyon aktyèl e fiti teren yo, pou yo eksploré amelyorasyon ki kapab fèt nan transpòtasyon epi pou bay publik la bonjan opòtinite pou li bay lide pa l sou fiti kominote l ap viv ladan lan. Broward MPO ap travay avèk Vil Plantation ak Sunrise, ansam avèk tout patisipan lokal yo pou kondwi etid Planifikasyon Kalite Devi yo, e sa fè yo jwenn anpil rekòmandasyon pou amelyore kalite devi nan kominote lokal yo.

Etid sa yo konsentre sou jan nou viv, jan nou travay ak jan nou pran plezi nou. Yo kontinye nan menm optik ak prensip k ap gide Patnèship federal pou Kominote Dirab yo, ki se: aksede pi fasilman a lojman ki gen pri abòdab, ogmante chwa nan transpòtasyon, epi redui pri transpòtasyon pandan ke y ap pwoteje anviwònman an anmenmtan.

Rezulta etid sa yo pral ede idantifye itilizasyon teren yo nan tan kap vini ansam ak chwa pou amelyorasyon transpò. Etid la pral eksploré achitekti abri kote moun tann bis yo, epi li pral fè rekòmandasyon sou kijan twotwa yo, aparans lari yo, ak estasyon transpò yo dwe parèt. Rezulta tout rechêch sa yo pral ede pwoteje katye ki deja ekziste yo epi rann kominote nou an pi pratikab pou pyeton.

Broward MPO pral prepare rekòmandasyon avèk lidè moun lokal yo pou detèmine anplasman ki apwopriye yo pou developman ki oryante vè transpòtasyon. Apresa, yo pral adrese sijè onivo konsepsyon amenajman teritwa ak direktyiv ki pou fasilité pyeton, ak kouman pou amelyore aksè a transpòtasyon nan zòn ki toupre yo.

Sipèfisi total zòn yap fè etid la kouvari apeprè 27 mil kare e li pran vil Plantation ak Sunrise. Fwontyè li rive sou otowout Sawgrass la



Wap jwenn tou yon vèsyon entèaktif de desen sa a ki montre yon Platfòm pou Arive/Depa sou [www.browardmpo.org](http://www.browardmpo.org). Plan Alontèm pou Transpòtasyon an 2035 la idantifye de (2) Platfòm pou Arive/Depa, twa Platfòm Ankraj pou Ray, ak yon Platfòm pou Kominote a ke yo pral genyen pou enstale nan zòn ki Aletid la.

nan direksyon Lwès, nan New River Canal (nan nò de I-595) nan direksyon sid, nan Florida Turnpike vè lès, epi nan nò Sunset Strip vè nò.

Yo pral prezante rezulta etid la yo devan Konsèy Administrasyon Broward MPO a ak Komisyon Plantation ak Sunrise yo pou yo revize yo e apwouve yon Plan Daksyon pou idantifye pwojè, bay responsabilite epi chèche sous potansyèl pou finansman.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale vizite nouvo paj entènèt Planifikasyon Kalite Devi MPO a (MPO Livability Planning) sou [www.browardmpo.org](http://www.browardmpo.org) (answit klike sou lyen Planifikasyon Kalite Devi a (Livability Planning)) oswa kontakte James Cromar, Ibanist Livability a nan (954) 876-0038.

### Orè kwonologik pou Etid sou Kalite Devi nan Santrevil Plantation ak Sidwès Sunrise

Janvye 2010	<i>Planifikasyon aktivite, koleksyon done</i>
Out-Septanm 2010	<i>Kolaborasyon minisipal nan plan konsepsyon achitektiral yo</i>
Oktòb-Novanm 2010	<i>Opinyon publik la konsènan amelyorasyon ki pou fèt nan katye yo</i>
Desanm-Janvye 2011	<i>Preparasyon rekòmandasyon yo</i>
Fevriye-Jen 2011	<i>Revizyon rekòmandasyon yo avèk minisipalite yo, ajans yo ak Broward MPO</i>

### KISA KI LADAN L

- Mesaj Prezidant la
- Patisipasyon nou nan aktivite kominotè
- Annou pran "Wave" la
- De Gwo Viktwa
- Annou Eksploré Pèspektiv Nasyonal la

# MESAJ PREZIDANT LA



Majistra Rae Carole Armstrong  
Prezidant, Broward MPO  
Majistra, Vil Plantation

Lè m ap reflechi sou wòl Prezidan Broward MPO a, mwen santi mwen te gen anpil priviléj dèske mwen te sèvi pandan 12 zan kòm Vis-Prezidant anba Majistra Richard Kaplan ak Administratè gouvènman lokal la, Daniel Stermer. Chemen sa a mwen pakouri a se yon eksperyans vreman anrichisan li te ye pou mwen, lè mwen t ap jwe yon wòl kòm sipò pou misyon MPO a ak pou fiti transpòtasyon nan Broward County.

Pou listwa, mwen pa t toujou genyen job nan la te eli mwen. Youn nan premye motivasyon mwen sonje m te genyen, ki fe ke m vin bay patisipasyon m, te rive nan kòmansman de ane 1970 yo. Se te lè Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation: FDOT) te kòmanse planifye pou agrandi State Road 7 nan zòn Plantation.

Pwogram eksperimental sa a, ki te vin transfòme an yon koperasyon ant Ajans pou Reyibanzasyon Kominotè (Community Redevelopment Agency: CRA), FDOT, Plantation Garden Club ak pwopriyetè teren yo, te chanje non pou li rele Plan Bayè Sèt (Plan Gateway Seven). Separasyon pou mitan lari a ki te nan pwojè a

te banm anpil ensatisfaksiyon. Nou t ap fè chanjman nan antre kominote nou an men li te sanble tankou si nou t ap agrandi mas beton nan lari a. Mwen te espere li ta parèt pibèl, e poutèt sa, mwen pase anpil tan ap kominike ak ofisyèl nan FDOT yo pou yo aksepte lide pou reyalize yon separasyon ak bél jaden ki, jouk jounen jodiya, reprezante yon bél amelyorasyon pou antre nan kominote lokal mwen an.

Se youn nan premye lesyon mwen te aprann sou kantite enflyans publik la kapab genyen sou pwojè ak pwogram. Lefèt ke mwen te aji kòm aktivis nan kominote a, mwen te vin genyen yon sansasyon fyète, e sa vin ankouraje m kontinye patisipe!

Kòm Prezidant Broward MPO, m ap kontinye sipòte vizyon endepandans MPO kapab reprezante pou nou ak efò planifikasyon sa pral mande pou vizyalez tout reyalizasyon pou Broward County a nan lansam. Mwen espere nou va pote kole avèk mwen pou kontinye amelyore e fasonnen kominote lokal nou yo.

## PATISIPASYON NOU NAN AKTIVITE KOMINOTÈ Vil Lighthouse Point òganize Rodeyo pou Bisiklèt nan Kominote a

Pèsonèl MPO yo te travay avèk Depatman Lapolis Lighthouse Point la pou yo reyalize yon kous sou konpetans Rodeyo sou Bisiklèt ki te gen kòm bi pou edike timoun osijè de sekirite sou bekàn.

Klas edikasyon pou kominote a te ekzamine epi diskite sou sèt tip aksidan ki pi komen yo timoun konn fè yo. Antrènman sou jan pou aprann monte bekàn yo te montre patisipan yo kouman pou yo evite aksidan. Pami sijè yo te pale de yo e ki te fè pati de korikoulòm lan, te genyen sekirite nan antre lakay ou, a kisa pou w atann ou lè w rive nan kafou lari yo, kouman pou evite danje lari a, ak fason ki pi pratik pou gade dèyè pandan w ap monte bekàn nan.

Broward MPO, an koperasyon avèk Kowalisyon pou Sekirite Timoun nan Broward (Broward Safe Kids Coalition), te ede kowòdone distribisyon 50 kask pou bekàn pou jèn moun bay patisipan nan evènman an. Nenpòt timoun ki t ap patisipe e ki pa t posede yon kask oswa te bezwen ranplase kask yo a te resevwa youn gratis.

Kowòdonatè Broward MPO ki okipe de kesyon bekàn nan òganize yon pwogram edikasyon chak ane sou monte bekàn



Kowòdonatè Broward MPO ki okipe de kesyon bekàn nan, Mark Horowitz, remèt moun ki patisipe nan evènman an yon kask pou bekàn tounèf.

nan kominote a. Anjeneral, se an fevriye pwogram sa a dewoule pou li ka koyenside ak mwa ki konsakre a bekàn nan Florida a, ki se mwad mas la. Pou aprann kouman pou reyalize yon Rodeyo pou Bisiklèt nan bon kondisyon sekirite nan kominote w, tanpri kontakte Mark Horowitz, Kowòdonatè Broward MPO pou Bisiklèt/Pyeton nan (954) 876-0048 oswa sou sit entènèt horowitzm@browardmpo.org.

## Evènman sou enfòmasyon pou moun k ap fè ale vini nan sistèm transpò, yo te òganize nan Nova Southeastern University



Le 23 novanm, Broward MPO te patisipe nan Evènman sou enfòmasyon pou moun k ap fè ale vini nan sistèm transpò yo ki te fèt nan University Center nan kampus Nova Southeastern, an kolaborasyon avèk Sèvis pou moun ki pran transpò publik nan South Florida (South Florida Commuter Services), Tri-Rail, Sistèm transpò nan kamyonèt nan South Florida (South Florida Vanpool), 511 ak Enstans nan Broward County (Broward County Transit).

Yo te ankouraje moun ki te vizite kyòsk la pou ranpli dè sondaj sou transpòtasyon e yo te founi yo enfòmasyon ak resous sou Broward MPO.

# PRAN "WAVE" LA NAN FORT LAUDERDALE - YON REYALITE POU 2014

An 2004, yo te reyalize yon etid sou transpò nan Santrevil la ak sou kouman pyeton deplase nan Santrevil la avèk patisipasyon Enstans pou Ibanizasyon Santrevil Fort Lauderdale (Downtown Development Authority of Fort Lauderdale: DDA), Vil Fort Lauderdale, Ajans pou Reyibanzasyon Kominote Fort Lauderdale (Fort Lauderdale Community Redevelopment Agency: CRA), Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation: FDOT), Konte Broward, Broward MPO, Kowoperativ pou Pwòpte Lè (Clean Air Cooperative), Asosyasyon ki Jere Transpòtasyon nan Santrevil Fort Lauderdale (Downtown Fort Lauderdale Transportation Management Association: TMA) epi Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transportation Authority

(operè SFRTA pou Tri-Rail yo). Etid la te demontre nesesite pou envesti nan amelyorasyon transpò aksityasyon pou pyeton yo nan santrevil la.

Nan Santrevil Fort Lauderdale, talè pral genyen yon sistèm ray fiks tankou jan de sistèm ou jwenn nan lòt gwo vil ibèn yo, pa egzanp, tankou nan Portland, Oregon ak San Francisco. "Wave", se yon sistèm tren ke yo pwopoze ki pral sèvi kòm sèvis sikilatwa lokal e ki pral opere apatide de sis blòk nan nò de Broward Boulevard pou li rive nan 17 blòk vè lesid de Sant Medikal Jeneral Broward (Broward General Medical Center), anpasan


pa Avni Andrews ak 3yèm Avni e ki gen posibilité pou l rive sou Broward Boulevard jouk nan estasyon Tri-Rail la. Amplis ke l ap amelyore deplasman, pwojè sa a ap ekolojik e li pral genyen yon gwo enpak ekonomik nan reyon an. Yo prevwa ke pwojè sa a pral premye nan plizyè lòt pwojè tren ki pral reyalize nan Konte a.

An 2006, ansanm avèk plizyè etap yo te pran pou amelyore deplasman sitwayen yo demèm ke pou konplete amelyorasyon transpòtasyon an, DDA te asosye l ak FDOT epi Broward MPO, pou mennen yon Analiz Altènativ ak yon Evelyasyon Anviwònman, ki se dè etap gouvènman federal ekzije lè pou yodantifye wout posib ak teknoloji pou fè yo epi pou detèmine enpak potansyèl sa kapab genyen sou anviwònman an.

An 2008, yo te apwouve yon altènativ lokal prefere (LPA) epi genyen anpil gwo angajman finansyè ki te fèt.

An 2009, Broward MPO te enkli LPA aktyèl la nan Plan Alontèm pou Transpòtasyon ki previ pou 2035 la.

 Yo prevwa pou kòmanse premye faz Konstriksyon Preliminè nan ete kap vini, avèk lespwa ke ya rive genyen yon sistèm ki konplètman operasyonèl nan fen ane 2014. Patisipe nan paj Wave la sou Facebook, pou w sa kontinye okouran de dènye nouvèl yo; paj la nan <http://www.facebook.com/#!/pages/Fort-Lauderdale-FL/The-Wave-Streetcar/137549182923606?ref=ts&ajaxpipe=1&a=6>



Ale sou sit entènèt "Wave" la pou jwenn plis enfòmasyon nan [www.wavestreetcar.com](http://www.wavestreetcar.com).

## ANNOU EKSPLORE PÈSPEKTIV NASYONAL LA SOU ITILIZASYON RAY AK TEREN

Manm pèsonèl Broward MPO yo, ansanm ak ajans plizyè gouvènman lokal te asiste konferans nasional sou Rail-Volution ki te fèt Portland, Oregon ann oktòb la. Pandan konferans la, sitwayen yo, ofisyèl yo eli yo ak planifikate pwofesyonèl pou itilizasyon teren ak transpòtasyon yo te dakò, kòm patnè a egalite, pou diskite de rapò ki genyen ant itilizasyon teren ak transpòtasyon nan rechèch k ap fèt pou yon amelyorasyon nan kalite devi nan kominote nou yo.

Mision konferans la se te pou kreye yon mouvman nasional pou devlope kominote moun kapab viv byen ladan yo e ki genyen transpòtasyon. Kominote kote moun viv byen se dè kominote ansante, ki anfòm onivo ekonomik, ki gen jistis sosyal e ki gen yon anviwònman dirab.



Charles Hales, ansyen Administratè gouvènman lokal Portland City a, te kondui yon toune vil la nan sistèm Tramwe Portland lan. Moun ki te patisipe nan toune sa a, se te manm pèsonèl Broward MPO yo, SFRTA, Enstans pou Developman Santrevil Fort Lauderdale (Downtown Development Authority) a ak de (2) reprezantan sitwayen ki soti nan Santrevil Fort Lauderdale la.

## DE GWO VIKTWA POU DIRABILITE

### Sid Florida Resevwa yon Sibvansyon Prestijye pou Ibanism Kominotè Dirab

Patnèship ant ajans federal yo ki fèt ant Depatman Ameriken pou Developman Iben ak Lojman (HUD), Ajans Amerikèn pou Pwoteksyon Anviwònman (EPA), ak Depatman Ameriken pou Transpòtasyon (USDOT), sipòtè inovasyon nan ibanism rejyonal ak integrasyon lojman, itilizasyon teren, developman ekonomik ak planifikasiyon transpòtasyon. Genyen yon sibvansyon federal trè konpetitif yo te akòde bay Sid Florida nan mitan mwa oktòb la pou sèvi kòm elan ak pou sipòtè dirabilite rejyon Sid Florida a e pou met anplas estrateji ki pral amelyore kalite vi moun k ap viv nan zòn twa-konte (tri-county) a. Patnèship federal sa a revize 225 demand pou sibvansyon ki te elijib. E Sid Florida te rive paminièf premye yo nan tout peyi a e yo akòde li 4.25 milyon dola.

### Transpòtasyon Broward County resevwa 8 milyon dola sibvansyon pou Koridò Broward Boulevard

Transpòtasyon Broward County resevwa a vini de pwogram sibvansyon konpetitif Inisyativ pou Kalite devi moun k ap pran Bis nan Administrasyon Federal pou Transpòtasyon (Federal Transit Administration's Bus Livability Initiative), ki fè pati de yon envestisman 300 milyon dola de administrasyon Obama a kòm patisipasyon l nan Inisyativ nan Kalite devi nan Kominote yo pou met anplas transpòtasyon, lojman ak developman komèsyal nan tout kominote toupatou nan peyi a.

Yo te soumèt aplikasyon pou sibvansyon an avèk apui ajans patnè yo, tankou pa egzanp, Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation), Vil Fort Lauderdale, Enstans pou Developman Santrevil (Downtown Development Authority), Broward MPO ak Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (Florida Regional Transportation Authority). Yo prevwa ke fon pou sibvansyon sa yo pral disponib pou kòmanse travay pwojè a nan komansman 2011.



Ede nou PRAN SWEN LANATI!  
 Mande pou resevwa bilten enfòmasyon  
 Broward MPO a pa imèl; pou fè sa, kontakte  
 Chris Ryan nan ryanc@browardMPO.org  
 oswa rele nan (954) 876-0036

PRSR T STD  
 US POSTAGE  
 PAID  
 FT. LAUDERDALE, FL  
 PERMIT #2121

## REYINYON KI PLANIFYE

	JAN 2011	FEV 2011	MAS 2011	AVR 2011
Organizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metropolitèn nan Broward (MPO) Rankontre chak 2yèm jedi a 9:30 a.m.*	Pa gen reyinyon	10	10	14
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) Rankontre chak 4yèm lendi a 2:15 p.m.*	24	28	28	25
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) Rankontre chak 4yèm madi a 6:00 p.m.*	25	22	22	26
Konsèy Administrasyon pou Kowòdinasyon nan Broward County (BCCB) a 2:00 p.m.*	10	Pa gen reyinyon	21	Pa gen reyinyon

\* Dat sa yo kapab chanje akozde konje oswa konfli.

Yo kenbe reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) a, Swit 850, nan imèb Trade Centre South la.

Pou plis enfòmasyon sou reyinyon ki previ, tanpri kontakte

Chris Ryan, Ofisyen Enfòmasyon Biblik Broward MPO, nan (954) 876-0036.

W ap jwenn bilten enfòmasyon sa a, ekri ak gwo lèt, sou fòm anrejistreman sou kasèt, oswa ekri ak lèt Bray, depi w mande pou sa.

## ÈSKE W TE KONNEN?

Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transportation Authority: SFRTA) inogire yon nouvo pakin nan Estasyon Tri-Rail ki nan Cypress Creek la, le 17 Novanm 2010.

Anplasman an, ki kole avèk platfòm ki nan lèwès nan estasyon an genyen 345 espas pakin ladan l ak yon liy pou bis epi yon ovan pou pyeton ki mezire 235 pye ki mennen nan estasyon an. Genyen dè anplasman yo deziyen pou taksi oswa pou machin ki vin depoze pasaje.

Bis SFRTA ki fè alevini pou gratis yo pral desèvi anplasman pakin alwès la koulye a. Epi bis Transpòtasyon Broward County yo pral kontinye pran pasaje nan anplasman Park & Ride ki sitye alès de Andrews Avenue.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa, kontakte 1-(800) TRI-RAIL (874-7245) oswa ale sou sit entènèt la [www.tri-rail.com](http://www.tri-rail.com).